ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

1924 ГЪЭМ И МЭКЪАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№239 (22.897) • 2014 гъэм дыгъэгъаазэм (декабрым) и 9, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэу цІыхухэм щатхэр 2014 - 2018 гъэхэм зэрахъуэжым зыщІэнрыкІ мыхъуну и индексхэм я Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Урысей Федерацэм ПсэупІэмкІэ и кодексым и 157.1-нэ статьям, «Урысей Федерацэм коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэу цІыхухэм щатхэм зэрызахъуэж индексхэр зэрызэхалъхьэм теухуауэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м къыдигъэкІа унафэ №400-м ятІонэрэ къыдэкІыгъэ **унафэ сощІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэу цІыхухэм щатхэр 2014 - 2018 гъэхэм зэрахъуэжым зыщІэнрыкІ мыхъуну и индексхэр хъэщтэн мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 19-м
№ 233-УГ

(Указым и гуэдзэныр 2-нэ нап. тетщ).

● Щіэныгъэ

КъБКъМУ-м и унафэщІыр хах

КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ университетым дыгъэгъаазэм и 5-м щекІуэкІащ а еджапІэ нэхъыщхьэм и ректорыр щыхах конференц. КъБКъМУ-м конференцэр щекІуэкІ и пэш иным щызэхуэсат а Іуэхущ1апІэм и егъэджакІуэхэмрэ профессорхэмрэ, студент зэгухьэныгъэм я лЫкІуэхэр, республикэм и къэрал властым, ди щІыпІэм щылажьэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм къикІа цІыху цІэрыІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

ХьЭЩІЭХЭМ яхэтт КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Азыч Светланэ**, республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр **Дадэ МуІэед**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Фырэ Руслан**, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэхэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Іустэ Джульеттэ**, КъБКъУ-м гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и проректор **Къумыкъу Іэуес**, Кавказ Ищхьэрэм ГъуазджэхэмкІэ и институтым и проректор **Эфендиев ФуІэд** сымэ. Конференцыр зэрекІуэкІыну щІыкІэм абы кІэрихьэлІахэр щыгъуазэ хуищІащ КъБКъМУ-м и профсоюз комитетым и пашэ **Зумакулов Іэсхьэд**.

КъБКъМУ-м и ректор кІуэлькъум пэрыуВэну кандидатхэр псори зэхэту цІыхуи 4 хьурт. Апхуэдэхэт техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъМУ-м и доцент **Апажэ Аслъэн**, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъМУ-м административнэ лэжьыгъэмрэ шыналъэншагъэмкІэ и проректор **Дыгуэжь Мухьэриб**, мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Взорокъуэ Виталий**, мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, университетым щІы Іуэхумрэ кадастрхэмкІэ и кафедрэм унафэщІ **Шал Тимур**. Кандидатхэм ящ1ыщ дэтхэнэми псалъэ иратащ. Абыхэм зэпхъыхауэ къагъэзэнІуащ ректор кІуэлькъум пэрыувэжи, я къарумрэ акъылымрэ зэхъыбгу зыхуагъэпсыну унэтІыныгъэхэр. Дэтхэнэм и псалъэмэ гупсэхуу едэІуащ къызэхуэсахэр, упщІэхэр иратурэ я мурадхэр нэхъри налуэ къраГъэщІу.

Къэпсэлъэныгъэхэр зэфІэкІащ, хэхьныгъэм щІадзэн пэтрэ, кандидат Взорокъуэ Виталий жиІащ хэныныгъэм зэрыхэмыныр. А Іуэхур агъэтэмэма нэужь, хъыныгъэм иужь ихьащ. Абы хэтхэм щІэхуу Іэ яІэтащ, еджапІэ нэхъыщхьэм и ректору щытыну яфІэкъабылым и цІэр яГъэбелджыныр.

Хэхьныгъэм хухаха зэманыр кІуа нэужь, бюллетенхэр зэщІакъуэжащ икІи абы къикІуаехэр ябжыжри, яГъэнэІуащ. Іэ зыІэтыну хуит цІыхуи 145-м ящыщу конференцым екІуэлІащ 143-рэ. ЦІыхуи 139-м Іэ яІэтащ техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, доцент, еджапІэ нэхъыщхьэм и ректорым и къалэнхэр иужьрей мазэхэм зыгъэзэщІа **Апажэ Аслъэн** и телъхьэу. Ар КъБКъМУ-м и ректор хуьуауэ къалъытащ.

Ректорым, еджапІэ нэхъыщхьэм и егъэджакІуэхэм екъуЛІэныгъэ яІэну, щІэныгъэм и лъагапІэхэм нэсыну екъуэхъуащ Азычэ Светланэ, Фырэ Руслан, Дадэ МуІэед сымэ, нэгъуэщІхэри. Апажэмэ кІыхьэхэсахэм фІыщІэ яхуищІащ къраГъэзэ дзыхь лъагэм папщІэ, ар игъэпэжыным къарурэ зэфІэкІыу иІэр ирихьлІэныи псори къинэгугъащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Абы дегъэпІейтей

Сурэтыр **Холлаевэ Марзият** *трихащ.*

Кавказым щекІуэкІхэр пэжу къагъэлъэгъуэну къыхураджэ

МахуищкІэ, дыгъэгъаазэм и 3 - 5-хэм, Ставропольем щекІуэкІащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм и щІыхубз хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я етІуанэ зэІущІэшхуэр. Абы хэтащ Урысеймрэ гъунэгъу къэралхэмрэ щыщ журналисту 350-м щІигъу.

ЗЭХЫХЬЭМ и мурад нэхъыщхьэу щытар Кавказ Ищхьэрэм и цІыхубз хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я лЫкІуэхэр зэкъуэгъэуэнырыр, федеральнэ медиа ІуэхущІапІэхэм жыджэру ядэлэжьэн папщІэ, зэхуэдэ щытыкІэ къахуэзэгъэпэщынырыр.

Къэрэшей-Шэрджэсыи и «Архъыз» курортым дыгъэгъаазэм и 3-м къыщызэІуаха «Кавказым щекІуэкІхэр пэжу къэгъэлъэгъуэн» форумым и лэжьыгъэм Псыхуабэ и «Интурист» хъэщІэщым щыпищащ. Хуэхэ пІанэнэхэм выставкэ гъэщІэгъуэнхэр щагъэуващ, зэІущІэ зэмыгІэужьыгъуэхэр, мастер-классхэр щрагъэкІуэкІащ, Кавказ Ищхьэрэ республикэхэм я лЫкІуэхэм щІыпІэ журналистикэм и зэфІэувэкІам хэщІэхэр хагъэгъуэзащ, къыздаша журналхэр, газетхэр, видеороликхэр зэбграгъэхащ. Апхуэдэу «Мэшыкъуэ» щІалэгъуалэ зэхъыхьэм и проектхэр, «Кавказым и тхыдэмрэ и нобэмрэ ТАСС-м и нэкІэ» сурэт выставкэр, федеральнэ, щІыналъэ медиа проектхэр ятІуэлъэгъуащ. ЗэІущІэм хэтахэм КИФЩІ-м и журналистикэм зэрызыщиужь щІыкІэр, Кавказ Ищхьэрэм и образыр къэралым и адрей щІыпІэхэм я хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм къызэрыщагъэлъагъуэр, медиа телепроектыщІэхэр зэрагъэзащІэр зэщхьэщхьауэ зэпкърахащ, теленаналхэм я унафэщІхэм, я лэжьакІуэ пэрытхэм я дерсхэм зыхагъэгъуэзащ. Псом хуэмыдэу лъэпкъ, дин зэхущытыкІхэм пыщІа Іуэхуэхэм гулъытэ хэха хуащІащ. Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм, цІыхухэм я зэхэщІыкІым зегъэужьнымкІэ абыхэм яГъэзащІэ къаІэным, щІыналъэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я зэтеувэкІэм хэалъ щхьэхуэныгъэхэм, ахэр федеральнэ СМИ-хэм зэрызэбграгъэкІ щІыкІэм тепсэлъыхьащ. А Іуэхуэгъуэхэм теухуауэ я гупсысэхэр къаІуэтащ экспертхэру модератор, «ВГТІ» ДПО АНО-м, «СТІІ Контент» телекомпаниеи, иджырей Кавказ политикэмкІэ центрым и къэхутэныгъэ программэхэм, Льэпкъ зэхуаку журналистикэ зэгухьэныгъэм, КИФЩІ-м и цІыхубз хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я ассоциацэм я унафэщІхэу Овчинников Алексей, Потоцкий Игорь, Серавин Александр, Лянге Маргаритэ, Мусаев Ражап, «Ставрополье» ГТРК-м и политикэ обозреватель Макаров Владимир сымэ, нэгъуэщІхэми.

Щапхъэхэр я лъабжьуэ, чэнджэщ щхьэпэхэмрэ Іуэхугъуэ пыухыкІахэмрэ кьебэкІыу зэІущІэхэр екІуэкІащ. Псалъэм папщІэ, апхуэдэт «Кавказ политикэ» порталым и редактор нэхъыщхьэ, УФ-м и Президентым деж Граждан жылагъуэм зегъэужьнымрэ цІыхухэм и хуитынигъэмкІэ щыІэ советым хэт тележурналист Шевченкэ Максим «Кавказ: медиа, жылагъуэ, къэрал» темэр щызэпкърихар. Псалъэмакъыр щиублэм абы хыхигъэщащ мыпхуэдэ зэІущІэхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэр, я гупсысэхэмкІэ, технологиещІэхэмкІэ зэхъуэжьын, я Іуэху еплъыкІэхэр зэІухуэу къыгъэлъэгъуэн папщІэ, цІыхубз хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм Іэмалыфіэхэр къызэрыхуэзІухахыр.

Конституцэм ипкъ иткІэ, Урысей Федерацэр демократиер зи лъабжьэ социальнэ къэралщ. Журналистхэм ди лэжьыгъэр нэхъыщхьэу зытетщІыхьын хуейри аращ. КъытфІэщІ къудейр яп1э игъэщыныр къезэгъыркъым. Я диныр хуиту зэрахьэн, я гупсысэхэр наІуэу къаІуэтэн, зэрафІэкъабылым хуэдэу заузэщІын цхьэкІэ, ди цІыхухэм шэсыпІэ псорн зэраІэр екъуЛІэныгъэшхуэщ. Кавказыр дин зэхуэмыдэхэмрэ хабзэ хьэлэмэтхэмрэ щызекІуэ, абыхэм лъэпкъхэм зыщыдаужь щІыналъэщ. А лъапІэныгъэхэр мы щІыпІэм зэуІуэ къыщыздэкІуэкІ. Аращ «кавказ цивилизацэ» хъужри, - къигъэлъэгъуащ тележурналистым.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

ЛІыхъужьым и махуэ

Зэман къэс езым и лІыхъужь иІэжщ, ауэ сыт зэмани хахуагъэкІэ лЫгъэ зезыхьам пщІэ хэха хуащІу къокІуэкІ. Апхуэдэ лІыхъужьхэрщ хэкум и пщІэр лъагэ зыщІыр, и щІыхьыр зыхъумэр. Хэкум и лІыхъужьхэм я махуэр ди къэралым гъэлъапІэн щыщІадзар Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир «Зауэм и щІыхьым и махуэхэмрэ махуэшхуэхэмрэ» ехьэлІа Федеральнэ законым дыгъэгъаазэм и 27-м зэхъуэкІыныгъэ хилъхьа иужьщ. 1917 гъэм нэсыхункІэ дыгъэгъаазэм и 9-м (жьымкІэ щІыщылэм и 26-м) Урысейм Георий и орденыр зратахэм я махуэр щагъэлъапІэу щытащ. 1769 гъэм дыгъэгъаазэм и 9-м Екатеринэ II текІуэныгъэр къэзыхьа, лЫгъэ къагъэлъагъуэу, я хэкум и щІыхьыр яхъумэу зауэм хэтахэм папщІэ Георгий щихьым и цІэкІэ орденыр яритну игъэувауэ щытащ. УФ-м и дзэм хэтхэм я дамыгъэ нэхъ лъапІэм и щІыхьыр а орденым щІигъэтыжар 2000 гъэрщ. 2007 гъэм дыгъэгъаазэм и 9-м щегъэжьауэ Совет Союзым, Урысей Федерацэм и ЛІыхъужьхэр, ТекІуэныгъэр къэзыхьа Георгий щихьым и орденыр зиІэхэр, ЩІыхьым и дамыгъэхэр зратахэм я махуэу яГъэлъапІэ.

Урысейм и къэрал дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэу - Урысей Федерацэм и ЛІыхъужь цІэр - 1992 гъэм и гъатхэпэ мазэм УФ-м и законкІэ къащтауэ щытащ. А унафэ дыдэмкІэ Дыщэ вагъуэ дамыгъэ лъапІэри къащтат. Урысей Федерацэм и ЛІыхъужь цІэр езытыр УФ-м и Президентырщ. Ар зыхуагъэфащэр къэралымрэ цІыхубэмрэ ехьэлІауэ лІыхъужьыгъэ зезыхьа, псэемыблэжу зыкъэзыгъэлъагъуэ цІыхухэрщ.

ЛІыгъэщІапІэ ихуэр куэд хъуми, ар зыхуэзфІэкІыр зырызыххэщ. Аращ къэралым и лІыхъужь нэсхэр дыгъэгъаазэм и 9-м щІигъэлъапІэр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Ди къуэш республикэхэм

Кърымым зыщагъэпсэху

МЕЙКЪУАПЭ. **Адыгейм щыпсэу цІыхуи 150-м щІигъум Кърымым и санаторэхэм зыщагъэпсэхунущ. Псом япэу апхуэдэ Іэмал яГъуэтащ зауэм и ветеранхэм, Чернобыль къыщыхъуа аварием ныкъуэдыкІъуэ ищІахэм, нэгъуэщІхэми.**

ЛЬГОТЭ зиІэхэм я узынщагъэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ къэралым республикэм сом мелуани 5 къыхуитІупщащ. Урысейм социальнэ страховании и фондым и щІыналъэ къудамэу Адыгейм щыІэм и лэжьакІуэ Мамрыкъу Людмилэ зэрыжиІамкІэ, санаторэхэм зэгурыІуэныгъэ иращІылІащ. Кърымым зыщызыгъэпсэху цІыхуи 110-рэ хъу яп1э гупыр къэкІуэжащ. Адыгейм икІа етІуанэ гупым иджыпсту я узынщагъэр Кърымым щрагъэфІакІуэ.

Ухуэныгъэхэм зыщеплъыхь

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэм и унафэщІымрэ Прикубань, Усть-Джегута, Абазэ районхэм лэжьыгъэ Іуэхукъ1э щыІащ, абыхэм щекІуэкІ социальнэ ухуэныгъэхэр къапльыхьащ**

ЯПЭУ зрагъэлъэгъуащ Знаменскэ хуажэм щаухуэ школ-садикыр. Ар и кІэм нагъэблэгъащ икІи дызыхьыхьэ ильэсыщІэм и гъатхэпэм ятыну я мурадщ. Абы ирихьлІэу къызэІуахынущ Усть-Джегута дэт курыт еджапІэ №2-м хэт цІыкІуи 150-м хуэщІа сабий Іуэхущ1апІэр. Апхуэдэуи Темрезов Рашид зыщІплъыхьащ алэрыбгъу Іэрыщ1 зэрыльэ футбол губгъуэр, зэрагъэпэщыжа паркыр. А махуэ дыдэм республикэм и Іэтащхьэр щыІащ Псыжь къуажэм икІи абы щаухуэ сабий садыр здынэсам щыгъуазэ зищІащ. Темрезовыр социальнэ ухуэныгъэхэр зэрекІуэкІым арэзы техьащ, ау зыльыта ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкІуэжьныкІэ пщэрылъхэр зыхуэфащэ унафэщІхэм кьалэн ящищащ.

Іэтащхьэм и саугъэтхэр

Республикэм и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІ илъэсыщІэ саугъэтхэр мы гъэм КъШР-м сабий мин 11-м щІигъум щаІэрыхьэнущ.

ЩІЫНАЛЪЭМ и Іэтащхьэм и пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритамкІэ, КъШР-м и илъэсыщІ псом саугъэтхэр щратынущ ныкъуэдыкъуэгъэ зиІэ сабий 200-м, гъащІэм и щытыкІэ гугъуэм къихутахэу 700-м. КъищынэмыщІауэ, тыгъэхэр хуагъэхьэзыращ. еджэныгъэм екъуЛІэныгъэхэр щызэІэрызэІэгъэхьа школакІуэ 600-м, школхэм щызхуагъэхьэзыр, пэщІэдзэ классхэм екІуалІэ сабий мин 8-м щІигъум. Іэтащхьэм къыбгъэдэкІ саугъэтхэм щыгъуфІыкІынущ республикэм и сабий Іуэхущ1апІэхэр, школхэм емыкІуэлІэфІ сабий ныкъуэдыкъуэ1285-рэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Щіэныгъэ

КъБКъМУ-м и унафэщІыр хах

КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым дыгъэгъаазэм и 5-м щекІуэкІащ а еджапІэ нэхъыщхьэм и ректорыр щыхах конференц. КъБКъМУ-м конференцэр щекІуэкІ и пэш иным щызэхуэсат а Іуэхущ1апІэм и егъэджакІуэхэмрэ профессорхэмрэ, студент зэгухьэныгъэм я лЫкІуэхэр, республикэм и къэрал властым, ди щІыпІэм щылажьэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм къикІа цІыху цІэрыІуэхэр.

ХьЭЩІЭХЭМ яхэтт КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Азычэ Светланэ**, республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр **Дадэ МуІэед**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Фырэ Руслан**, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэхэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Іустэ Джульеттэ**, КъБКъУ-м гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и проректор **Къумыкъу Іэуес**, Кавказ Ищхьэрэм ГъуазджэхэмкІэ и институтым и проректор **Эфендиев ФуІэд** сымэ. Конференцыр зэрекІуэкІыну щІыкІэм абы кІэрихьэлІахэр щыгъуазэ хуищІащ КъБКъМУ-м и профсоюз комитетым и пашэ **Зумакулов Іэсхьэд**.

КъБКъМУ-м и ректор кІуэлькъум пэрыуВэну кандидатхэр псори зэхэту цІыхуи 4 хьурт. Апхуэдэхэт техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъМУ-м и доцент **Апажэ Аслъэн**, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъМУ-м административнэ лэжьыгъэмрэ шыналъэншагъэмкІэ и проректор **Дыгуэжь Мухьэриб**, мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Взорокъуэ Виталий**, мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, университетым щІы Іуэхумрэ кадастрхэмкІэ и кафедрэм унафэщІ **Шал Тимур**. Кандидатхэм ящ1ыщ дэтхэнэми псалъэ иратащ. Абыхэм зэпхъыхауэ къагъэзэнІуащ ректор кІуэлькъум пэрыуВэну, я къарумрэ акъылымрэ зэхъыбгу зыхуагъэпсыну унэтІыныгъэхэр. Дэтхэнэм и псалъэмэ гупсэхуу едэІуащ къызэхуэсахэр, упщІэхэр иратурэ я мурадхэр нэхъри налуэ къраГъэщІу.

КъэпсэлъэныгъэхэрзэфІэкІащ, хэхьныгъэм щІадзэн пэтрэ, кандидат Взорокъуэ Виталий жиІащ хэныныгъэм зэрыхэмыныр. А Іуэхур агъэтэмэма нэужь, хъыныгъэм иужь ихьащ. Абы хэтхэм щІэхуу Іэ яІэтащ, еджапІэ нэхъыщхьэм и ректору щытыну яфІэкъабылым и цІэр яГъэбелджыныр.

Хэхьныгъэм хухаха зэманыр кІуа нэужь, бюллетенхэр зэщІакъуэжащ икІи абы къикІуаехэр ябжыжри, яГъэнэІуащ. Іэ зыІэтыну хуит цІыхуи 145-м ящыщу конференцым екІуэлІащ 143-рэ. ЦІыхуи 139-м Іэ яІэтащ техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, доцент, еджапІэ нэхъыщхьэм и ректорым и къалэнхэр иужьрей мазэхэм зыгъэзэщІа **Апажэ Аслъэн** и телъхьэу. Ар КъБКъМУ-м и ректор хуьуауэ къалъытащ.

Ректорым, еджапІэ нэхъыщхьэм и егъэджакІуэхэм екъуЛІэныгъэ яІэну, щІэныгъэм и лъагапІэхэм нэсыну екъуэхъуащ Азычэ Светланэ, Фырэ Руслан, Дадэ МуІэед сымэ, нэгъуэщІхэри. Апажэмэ къызэхуэсахэм фІыщІэ яхуищІащ къраГъэзэ дзыхь лъагэм папщІэ, ар игъэпэжыным къарурэ зэфІэкІыу иІэр ирихьлІэныи псори къинэгугъащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.



КъэралитІым я зэхущытыкІэхэм щытопсэлъыхь

«Урысеймрэ США-мрэ: къэралхэм я зэхущытыкІэр пІалъэкІэ зэпыкъауэ ара хьэмэрэ «зауэ щІыІэ» аргуэру яку къыдэхъуа?» Аращ зытеухуауэ щытар УФ-м и Къэрал Думэм дыгъуасэ щекІуэкІа парламент едэІуэныгъэхэр.

Депутатхэм нэмыщІ а зэІущІэм хэтащ УФ-м и МИД-м, ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академием, Жылагъуэ палатэм я лЫкІуэхэр. Абы щытепсэлъыхьащ УФ-мрэ США-мрэ я зэхущытыкІэхэр щекІэкІуэм и щхьэусыгъуэм, Украинэм щекІуэкІхэм, Урысейр дунейм и адрей къэралхэм япэІущІэ ищІыну и мураду Америкэм и Штат Зэпэтхэм иригъэкІуэкІ политикэм уэзрыпэщІэтыфыну Іэмалхэм.

«США-р къыщыдэнкІуэкъуэр Украинэм щекІуэкІхэм дызэрэхущыт, дызэреплъ щыкІэхэр дагъэхъуэжьи щхьэкІэу жаІэми, умылъагъункІэ Іэмал иІэкъым, еблэмэ ар ябзыщІуи фэ тетлъэгъуэхэр я тегъэщапІэу, дэ къыдогъэув Израильм хуэфащэ жэуап евгъэхьыну, апхуэдэ афІэкІа къэмыхъужьын папщІэ», - итщ зэрызыкуагъэзэ тхыгъэхэм.

КъызэратамкІэ, а къэхъуэкащІэм, насып яІэти, ауэ къчъхьлъэтапІэми, абы кьедза жылагъуэми куэд щызэтракъутащ.

Щхьэусыгъуэ хуейкъым

Италием и къалэ нэхъ инэм ящыщ Милан дэт «Ла Скала» театр цІэрыІуэм и бжэлупэм деж дыгъуасэ щызэхуэсат цІыху щищым щигъу.

СезонышІэр къызэІуахыа а театр гъуэзэджэм и лэжьыгъэщІэр зрагъэлъагъэр щхьэкІэтэхьэм апхуэдизу цІыху абы щекІуэлІар, атІэ я мыарзыныгъэр къагъэлъэгъуэну арат. Зэманри егупсысауэ къыхахат - пэкІур щекІуэкІым театрым и кІуэцІым щІэт къэралым и политик, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэхэр.

Италием и Правительствэм иригъэкІуэкІ экономикэ политикэм къикІуэмрэ лэжьыгъэм теухуа хабзэм халъхьэ зэхъуэкІныныгъэхэмрэщ ахэр зыгъэгубжьар. А зэхъуэкІныгъэхэм япкъ иткІэ, цІыхуи и Іэнатіэм нэхъ ІугъэкІыгъуафІэ хъуащ. Иджы абы щхьэкІэ щхьэусыгъуэшхуи хуеижькъым лэжьапІэ Іэнатіэхэр къызэрыгъэпэщэр.

ЦІыхуэхэр театрым и унэм яфІыщІыхьэну щебгъэрыкІуэм, абыхэм полицейскэр кьапэуващ. Кудэм абы фэбжь хахащ.

♦Іулъхьэ тын-къеІыхыным ебэныным и дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м къищта унафэм тету игъэуващ.

♦Хэкум и ЛІыхъужьхэм я махуэщ. УФ-м 2007 гъэ лъандэрэ щагъэлъапІэ.

♦1769 гъэм Урысейм и зауэ дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэр - Георгий щихьым и орденыр - къащтащ.

♦Урысей армэм и генералмайор, къэралым и дамыгъэ лъапІэ куэд зыхуагъэфащэ **Анзор Хьэту** къызэралъхурэ илъэс 212-рэ яхуэхъуащ.

♦Къэрал Эрмитажым и унафэщІ, Санкт-Петербург дэт къэрал университетым къуэкІыпІэ къэралхэр джынымкІэ и факультетым и декан, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ **Пиотровский Михаил** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор **Щауэхуэжь Замир** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытнущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жэщым щыІэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Банэр банэкІэ къыхахыж.

● Тэрч щІыналъэ

Илъэсыщ1э тыгъэ

Зи школ кІуэгъуэ нэмысахэм папщІэ егъэзыпІэщІэ Курп Ипщэ къуажэм къыщыдэІуахынущ. Абы сабий 100 щаІыгъынущ.

ФЕДЕРАЛЬНЭ программмэм ипкъ иткІэ илъэс блэкІам кърагъэжьа ухуэныгъэр и кІэм нагъэсащ. Абы текІуэдащ сом мелуан 59,5-рэ. Сом мелуан 49,7-р федеральнэ, адрейр щІыналъэ бюджетхэм къахэкІащ.

Сабий садыщІэр щаухуащ жьы зэрыхъуам къыхэкІыу Іуахын хуей хъуа гъэсапІэр здэщыта щІыпІэм хуэзэу. Мы илъэсым и фокІадэ - жэпуэгъуэ мазэхэм къриубыдэу пэш кІуэцІ лэжьыгъэхэр кьрахьэлІащ, ихъуреягъри зыхуей хуагъэзэжащ. Зыхуейну унэлъащІэ зэмылІэужьыгъуэхэри пІалъэ кІэщІым къаІэрыхьащ. Иджыпсту обьектым екІуэлІэ коммуникацэхэр зэтраублэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Залинэ и гъатхэр

Ди лэжьэгъу Щомахуэ Залинэ «Мадоннэ» зыфІища и япэ тхылъыр дунейм къытохьэ

«КуэдкІэ зызогъащхь а тІыр - фІыуэ слъагъу псоми езгъэфІэкІ, си гум Іэфіу щызгъафІэ си анэмрэ гъатхэмрэ. Си анэр гъащІэм гъатхэу къызитащ, и псэлъэкІи, и плъэкІи, и псэукІэ кьудеи емыщхьу зыми. Си анэм сыдэщІыгъуу сэ сыщопсэу гъатхэм, а тІур зы щыхъукІэ, си гъащІэр езы жэнэтым йофІэкІыж». Мыпхуэдэ защІэу мыщІэ зэмыфагъуу зэролъэлъ зи жинтыр иджыри «мыупщІыІужауэ» «Адыгэ псалъэр» щылажьэ епщІанэ къатым къагъэса тхылъыр: рассказипщІэ проззу тха усиблым «Псэм ипэ - напэ» повестыр ядэщІыгъуэ. ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм щызэхэхуэ «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм илъэс зыбжанэ хъуауэ жану хэт хъыджэбзыр ди щІэджыкІакІуэхэм къащІыхуну хунэсащ.

Мейкъуапэ щекІуэкІа «Адыгэ пщащэ» зэпеуэм къызэрыжаныкІамкІи, Мэшыкъуэ льапэ деж щекІуэкІ ныбжьыщІэ зэхьыхэм щигъэзэщІа лэжьыгъэ гъащІэгъуэнхэмкІи, махуэ хъэ и кьалэмэпэм къыщІэкІ зыбарыщІэхэмкІи.

Нобэ къыдэкІа тхылъыщІэм джылахьстэней пщащэм и гурыщІэм дыщегъэгъуазэ. Абы и гур зэрыгъэпсыр газетыбзэми уэрыбрэзэми ещхькъым - анэдэлъхубзэм и Іэфіыр зыхэзымыщІэр зыхэкІыж фІыгъуэр къэзыІуатэ дэри «Гъуэгу махуэ!» жыдоІэ псыхьэлъыгъуэ цІыкІуу кьежьа а «псалъэІэрышэм», Тэрч ещхьу уэрэ зиуэщІу адыгэ лъэпкъым щыхуэщхьэпэну лъэныкъуэ псоми лъэІэсыну.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Тхылъыщ1э



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 19-м къыдигъэкІа Указ №233-УГ-мкІэ къыщыгащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэу цІыхухэм щатхэр 2014 - 2018 гъэхэм зэрахъуэжым зыщхьэпрыкІ мыхъуну и индексхэр

Муниципальнэ щІыналъэхэр	Зыщхьэпрыкі мыхъуну индексхэр (процентк1э)
Налшык къалэ округ	35,07
Бахъсэн къалэ округ	33,13
Прохладнэ къалэ округ	36,09
ХьэтІохъущыкъуей къуажэ жылагъуэ	29,33
Бахъсэнэнкэ къуажэ жылагъуэ	24,86
Къулъкъужын Ипщэ къуажэ жылагъуэ	23,45
Жанхъуэтекъуэ къуажэ жылагъуэ	27,88
Зеикъуэ къуажэ жылагъуэ	23,45
Ислъамей къуажэ жылагъуэ	23,45
Кыщпэк къуажэ жылагъуэ	25,25
Кременчуг-Константиновскэ къуажэ жылагъуэ	23,45
Къуфэ-Тэбэ къуажэ жылагъуэ	27,88
Куба къуажэ жылагъуэ	23,45
Къуфъкъужын Ищхьэрэ къуажэ жылагъуэ	23,45
Псыхъурей къуажэ жылагъуэ	23,45
ПсыкІэху къуажэ жылагъуэ	27,27
Дзэлыкъуэкъуажэ къалэ жылагъуэ	24,83
Белокаменскэ къуажэ жылагъуэ	25,26
Зольскэ къуажэ жылагъуэ	24,56
Каменномост къуажэ жылагъуэ	23,99
Къамылыкъуэ къуажэ жылагъуэ	24,80
Чыщфалъкъ къуажэ жылагъуэ	23,99
Малкэ къуажэ жылагъуэ	24,80
Приречнэ къуажэ жылагъуэ	24,40
Сэрмакъ къуажэ жылагъуэ	23,99
Совхознэ къуажэ жылагъуэ	23,99
Хьэбзэ къуажэ жылагъуэ	23,99
Шордакъ къуажэ жылагъуэ	25,26
ЯтІэкъуэ къуажэ жылагъуэ	24,67
Дзэлыкъуэдзэ къуажэ жылагъуэ	25,24
Псынэдахэ къуажэ жылагъуэ	23,99
Светловодскэ къуажэ жылагъуэ	24,67
Анзорей къуажэ жылагъуэ	40,86
Арщыдан къуажэ жылагъуэ	43,74
Лэскэн Ипщэ къуажэ жылагъуэ	34,74
Лэскэн ЕтІуанэ къуажэ жылагъуэ	39,27
Ерокъуэ къуажэ жылагъуэ	34,74
Уэзрэдж къуажэ жылагъуэ	37,40
Ташлы-Тала къуажэ жылагъуэ	34,74
Урыху къуажэ жылагъуэ	38,96
Хьэтуей къуажэ жылагъуэ	40,69
Майскэ къалэ жылагъуэ	37,94
Александровскэ станицэ къуажэ жылагъуэ	35,50
Октябрьскэ къуажэ жылагъуэ	27,69
Котляревскэ станицэ къуажэ жылагъуэ	27,05
Ново-Ивановскэ къуажэ жылагъуэ	33,71
Альтуд къуажэ жылагъуэ	27,95
Екатериноградскэ станицэ къуажэ жылагъуэ	26,55
Къэрэгъэш къуажэ жылагъуэ	26,85
Малакановскэ къуажэ жылагъуэ	27,95
Ново-Полтавскэ къуажэ жылагъуэ	27,95
Приближнэ станицэ къуажэ жылагъуэ	26,55
Пролетарскэ къуажэ жылагъуэ	35,13
Псынщокъуэ къуажэ жылагъуэ	26,85
Советскэ къуажэ жылагъуэ	36,71
Благовещенскэ къуажэ жылагъуэ	27,95
Дальнэ къуажэ жылагъуэ	27,95
Заречнэ къуажэ жылагъуэ	27,95
Красносельскэ къуажэ жылагъуэ	27,95
Прималкэ къуажэ жылагъуэ	27,95
Солдатскэ станицэ къуажэ жылагъуэ	36,06
Ульяновскэ къуажэ жылагъуэ	27,95
Учебнэ къуажэ жылагъуэ	19,37
Черниговскэ къуажэ жылагъуэ	27,95
Янтарнэ къуажэ жылагъуэ	37,52
Тэрч къалэ жылагъуэ	32,92
Белоглинскэ къуажэ жылагъуэ	17,26
Курп Ипщэ къуажэ жылагъуэ	30,05
Дей къуажэ жылагъуэ	29,75
Джулат къуажэ жылагъуэ	17,26
Инарыкъуей къуажэ жылагъуэ	30,05
Интернациональнэ къуажэ жылагъуэ	17,27
Курп Ищхьэрэ къуажэ жылагъуэ	30,05
Урожайнэ къуажэ жылагъуэ	17,26
Хьэмидей къуажэ жылагъуэ	26,45
Арыкъ къуажэ жылагъуэ	17,26
Акъбащ Ипщэ къуажэ жылагъуэ	29,13
Краснармейскэ къуажэ жылагъуэ	26,46
Новэ Балъкъэр къуажэ жылагъуэ	27,14
Ново-Хьэмидей къуажэ жылагъуэ	26,34
Плановскэ къуажэ жылагъуэ	17,26
Тамбовскэ къуажэ жылагъуэ	26,90
Терекскэ къуажэ жылагъуэ	26,90
Нартхъалэ къалэ жылагъуэ	35,64
Джэрмэнщык къуажэ жылагъуэ	17,26
Къэхъуэ къуажэ жылагъуэ	24,78
Мэрзэхъу къуажэ жылагъуэ	26,42
Шэрдж Ищхьэрэ къуажэ жылагъуэ	25,12
Псыгуэнсу къуажэ жылагъуэ	25,69
Псынабэ къуажэ жылагъуэ	24,53
Старэ Шэрдж къуажэ жылагъуэ	25,76
Аруан къуажэ жылагъуэ	24,46
Чернэ Речкэ къуажэ жылагъуэ	25,27
Шытхьэлэ къуажэ жылагъуэ	25,95
Псыкуэд къуажэ жылагъуэ	24,53
Шэджэм къалэ жылагъуэ	33,04
Зеюзднэ къуажэ жылагъуэ	36,43
Лашынкъей къуажэ жылагъуэ	30,51
Шэджэм Ищхьэрэ къуажэ жылагъуэ	22,70
Хьущтэ-Сырт къуажэ жылагъуэ	22,70
Шэджэм ЕтІуанэ къуажэ жылагъуэ	25,48
Щхьэлыкъуэ къуажэ жылагъуэ	30,48
Шэджэм Ипщэ къуажэ жылагъуэ	27,27
Нартан къуажэ жылагъуэ	30,85
Яныкъуей къуажэ жылагъуэ	24,50
Къэщкъэтау къуажэ жылагъуэ	30,27
Аушыджэр къуажэ жылагъуэ	28,20
Бабугент къуажэ жылагъуэ	26,71
Безенги къуажэ жылагъуэ	21,22
Балъкъэр Ипщэ къуажэ жылагъуэ	22,43
Жэмтхьэлэ Ипщэ къуажэ жылагъуэ	17,26
Джэрпэджэк къуажэ жылагъуэ	17,26
Жэмтхьэлэ къуажэ жылагъуэ	17,26
Зэрэгъыж къуажэ жылагъуэ	23,77
Къарэсу къуажэ жылагъуэ	17,26
Тырныауэ къалэ жылагъуэ	33,92
Бедык къуажэ жылагъуэ	26,88
Былым къуажэ жылагъуэ	24,99
Бахъсэн Ипщэ къуажэ жылагъуэ	28,41
Гундэлэн къуажэ жылагъуэ	23,49
ЛашкІутІэ къуажэ жылагъуэ	26,88
Эльбрус къуажэ жылагъуэ	129,33

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 31-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 31-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзэн икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2014 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м
№72-ПП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 31-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыщитащ 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м

1 статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэм я Іуэхукіэ» 1999 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №29-РЗ-м и 31-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы и Іыхьэхэу 1-м, 1-1-м, 2-м хэт «ягъэув» псалъэр зэхъуэкІын «къыззрагъэпэщ» жиІэу.

2 статья

Мы Законым къару егъуэт 2015 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 18-м
№ 59-РЗ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 35-нэ статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм стратегие планхэр зэрыщыізэхалъхьэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 14-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 35-нэ статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм стратегие планхэр зэрыщыізэхалъхьэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 14-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзэн икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2014 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м
№74-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 35-нэ статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм стратегие планхэр зэрыщыізэхалъхьэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 14-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыщитащ 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м

1 статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым теухуауэ» 2003 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №110-РЗ-м и 35-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы и Іыхьэ 2-м пункт 1-1 дэщІыгъуэкІи мы къэкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«1-1) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэхэм я проектхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэхэм халъхьэну зэхъуэкІыныгъэхэмрэ хэплъэныр;».

2 статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм стратегие планхэр зэрыщыізэхалъхьэм теухуауэ» 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №24-РЗ-м и 14-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы Іыхьэ 6-нэ дэщІыгъуэкІи мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«6. Къэрал программэм и проектыр, апхуэдэу къэрал программэр зэхъуэкІыным хуэгъэзэ Іуэхукіэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр хэплъэн папщІэ щратым дежь ахэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентми кьыщыхалъхьэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 18-м
№60-РЗ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ Парламент Ассоциацэм хэтхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м къыдигъэкІа Унафэ №941-П-П-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ Парламент Ассоциацэм хэтхэм я Іуэхукіэ» 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыдигъэкІа Унафэ №941-П-П-м и пункт 2-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абыхэм хэт «Сэкрэ Владимир Хьусен и къуэр» псалъэхэр зэхъуэкІын «Гугу Владимир Рашад и къуэр» жиІэу.

2. Мы Унафэр Кавказ Ищхьэрэ Парламент Ассоциацэм хуегъэхьын.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 27-м
№121-П-П

Кавказым щекІуэкІхэр пэжу къагъэлъэгъуэну къыхураджэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Шевченкэ Максим зэрыжиІамкІэ, Кавказым пыщІа Іуэхухэр пэжу, егъэлеиныгъэ хэмылъу къэгъэлъэгъуэн хуейщ. Абы и лъэныкъуэкІэ журналистхэм Іэмал псори яІэщ. Нэхъыщхьэр хабзэ зэмылІэужьыгъуэ куэд щыжеІуэ щІыналъэм щекІуэкІхэм я гугъу щащІкІэ псалъэм и мыхьэнэмрэ и къарумрэ ящымыгъупщэнырщ, къапэщыт къалэнхэм ахуэфащэу къыщІэкІынырщ.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Хлопонин Александр, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Меликов Сергей, Урысей Федерацэм Кавказ Ищхьэрэм и Іуэхухэмкіэ и министр Кузнецов Лев, КИФЩІ-м хьихьэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэу Абдулатипов Рэмэзан, Мамсуров Таймураз, Темрезов Рашид, Евкуров Юнусбэч, Владимиров Владимир, «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» компанием и унафэщІхэр ещанэ махуэм форумым къеблэгъащ, выставкэхэм щагъэува экспозицэхэм еплъащ, «Кавказ Ищхьэрэ» щытыкІэр зыхуэдэмрэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я къыззрыщагъэльагъэмрэ» зыфІащэ планер зэІуІэм хэтащ.

ШэщІэн Республикэм щыхэкІуэда хабзэхъумэхэм я фэепльым зы дакъикъкІэ хуэщыгъуа нэужь, зэхъыхьэм щытепсэльыхьащ Кавказ Ищхьэрэм теухуа пэжыр бэм я дежь нэхьэсыным, ди щІыналъэм къыхуаІэ щытыкІэм зегъэужьыным хуэунэтІауэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм къапэщыт къалэнхэм.

- Гроэнэ къалэм лІыкІэр Печатым и унэм зэрыщытеуар и щыхьэтщ СМИ-р зэрыкъаруушхэр, Кавказ Ищхьэрэм абы щигъэзащІэ къалэным зэпымыууэ зэрыхэхъуэм. Мы щІыналъэм Іуэхугъуэ щхьэпэ куэд къыщыхалъхьэ. Ауэ абыхэм зегъэубгъун, дэтхэнэрпи къэрал псом щызэлъащІысын, цІыху куэд зэхуишэсын хуэдэу къызэгъэпэщын хуейщ. Зэ нэхъ мыхъуми, мазэм къриубыдэу федеральнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэ фхуэгъэхьэзырмэ, абы Кавказ Ищхьэрэм и цІэр нэрылъагъуу къыІэтынущ, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэми жаІэн ягъуэтынущ, - къыхигъащІ Хлопонин Александр.

Пленар зэІуІэм хэтахэм зэдзаорэзыуэ къагъэлъэгъуащ властым, СМИ-м, цІыхухэм я зэпыщІэнгъэр егъэфІэкІуэн, гъэбыдэн зэрыхуейр.

- Бэмрэ журналистхэмрэ властыр нэхъ зэІухауэ яхущытыпхъщ. Я дзыхь къыдагъэзыну дыхуеймэ, ящыдгъэпщкІун зэрыдмылэжьыр, зыри зэрыщІэдмыхъумэр, пэжым дызэрытетыр иральагъу. ХъыбарегъащІэ ІэнатІэхэми ар жыджэру къыддаІыгъыпхъщ. Абы папщІэ, мурадыфІхэм я пхыгъэкІахІуэ журналист зэгухьэныгъэ лъэщ диІэн хуейщ. ПщІымрэ фэрыщІагъымрэ зи нэрыгъэхэм, ахэр фейдэ хэкІыпІэ зыщІхэм ди щІыналъэм и пщІэр ягъэльахъшэ, ди зыужьыныгъэр зэтраІыгъэ. Журналист зэгухьэныгъэм апхуэдэхэр зыхигъэхьэбзыкІын, жэуапльныгъэр зыхэзыщІэхэмкІэ яхьэжьын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкІэ сытхІи зыфщІэдгъэкъуэну дыхьэзырщ. Къапщтэмэ, КИФЩІ-м и цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я ассоциацэм и жэрдэмкІэ, мыхьэнэ хэха зиІэ Іуэхугъуэхэм тетхыхь щІыпІэ журналист Іэзэхэм дадэІэпыкъунущ. Апхуэдэу Иджырей кавказ политикэмкІэ центрым етІанэгъэ щегъэжьауэ журналистхэм стипендие яхуегъэув, - къыхигъэбелджылыкІащ полномочнэ лІыкІуэ Меликов Сергей.

КИФЩІ-м хьихьэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм къыхагъэщащ я деж къыщыхъу зэхъуэкІыныгъэфІэкІэр къэралым и щІыпІэ псоми зэхуэдэу зэрынамыхьэсыр, щытыкІэм нэрылъагъуу икІи нэхъ псынщІэу зихъуэжьын щхьэкІэ, Кавказым щекІуэкІхэр пэжу къэгъэлъэгъуэн зэрыхуейр.

ЗэІущІэм и апэ махуэм «Прометей» интернет саугъэтым щытекІуахэм дамыгъэзэгъ ираты жащ. Абыхэм ди лІыкІуэхэри яхэтщ. «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащІэ агентствэм «ХъыбарегъащІэ ІэнатІэ нэхъыфІ» номинацэм ещанэ увыпІэр къыщихьащ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ «Кавказым и литературэ» унэтІынигъэ хэхам и саугъэт къыхуагъэфэщащ. Кавказ Ищхьэрэм гъуазджэхэмкІэ и къэрал институтым и етІуанэ курсым и студент Челикин Артем и лэжьыгъэр «Инстаграм» напэкІуэцІ нэхъыфІу къалъытащ. Къалэбатэ Алим и зэфІэкІыр Іуэхугъуитым къыщалъытащ: «Кавказ Ищхьэрэм и блог нэхъыфІ» унэтІынигъэ етІуанэ, «Туризм» унэтІынигъэ хэхам ящэ увыпІэхэр къыщихьащ.

МахуищкІэ зэхэта зэІущІэшхуэр гукъинэжу зэхуащІыжащ - КИФЩІ-м и ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ ІуэхущапІэхэм я ящэ зэхуэсым щагъэува «Медиа-Кавказ» саугъэтым щытекІуахэр Іэтауэ ягъэлъэпІащ. Абыхэми ди лІыкІуэхэр яхэтщ. Къапщтэмэ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ Болэт Арсенрэ «Заман» республикэ газетым и корреспондент Холлаевэ Марзиятрэ «ИлъэсыМ и журналист», «ИлъэсыМ и суэрэттех-репортер» номинацэхэм етІуанэ увыпІэхэр ящыщІащ, «Къэбэрдей-Балъкъэр» 99,5 FM ВТК-р «ИлъэсыМ СМИ-м къыхэльа Іуэхущ1э» унэтІынигъэм ещанэ щыхъуащ. «Налшык» ОРТК компанием «Къыу закъуэ» фильмым папщІэ «Медиа-илъэсым и къэхъукъащІэ» номинацэм етІуанэ увыпІэр къыщыхуагъэфэщащ.

Кавказ Ищхьэрэм и СМИ-хэм и етІуанэ зэІущІэр УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и аппаратыр, «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-р, Ставрополь крайм и Правительствэр, Псыхуабэ къалэ администрацэр, КИФЩІ-м и хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я зэгухьэныгъэр, нэгъуэщІ Іуэхущапі эхэри я щІэгъэкъуэну «Кавказ» ЦСКП-м къызэригъэпэщащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Налшык - Псыхуабэ
Сурэтхэр **Холлаевэ Марзият** *тІуащ.*

Езым и бэракъ иІэжщ

Тезырхэр ирегъэхьэкІынымкІэ федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм езым и бэракъ иІэ хъуащ. Абы къытощ Европэм и щыгу нэхъ лъагэ Іуащхьэмахуэ цІэрыІуэри. Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и ныпыгуфІэгъуэ щытыкІэм иту Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэралдрамэ театрым къыщратащ.

УРЫСЕЙМ Тезырхэр ирегъэхьэкІынымкІэ и федеральнэ къулыкъум и унафэщІым и къуэдзэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ къэрал кІуэцІ къулыкъум и генерал-полковник Гриздилов Александр ныпымрэ абы щыгъу Урысей Федерацэм и Президентым и щыхьэ тхыльымрэ КъБР-м щыІэ УФСИН-м и унафэщІ полковник Мэржэхъу Мухьэмэд къритащ.

- Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм и тхыдэм хатхэну махуэ хэхащ. Фэ кьыфІэщІальхьэ лІыгъэм, хэгуагъэм, пщІэм, щІыхьым, я дамыгъэ бэракъыр. Си фІэщ мэхъу мы махуэр дэтхэнэ лэжьакІуэми, ветеранми мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэу гукъинэж зэрыщыхъунур, кьалэныр екъэкІыныр егъэфІэкІуэным, жэуапльныгъэр нэхъри зыхащІэным зэрытригъэгушхуэнур, - къыжиІэ щащ генерал-майор Гриздиловым.

Мэржэхъу Мухьэмэд ФСИН-м и унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ, управленэм и лэжьакІуэхэм я щІэкІэ Іэнатіэм и бэракъым и щІэ яхъумэну, законым ипкъ иткІэ цІыхухэм я хуитныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэным хуэунэтІа я кьалэнхэр хьэлэлу, жэуапльныгъэр зыхащІэу ягъэззащІэну къигъэгугъащ.

Республикэм и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм я лэжьакІуэхэм я махуэшхуэм къриубыдэ Іэнатіэм и Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэзэщІакІуэ властхэм я лІыкІуэхэр, къаруэхьэ Іэнатіэхэм, дин Іуэхущапіэхэм я унафэщІхэр.

ЗэІущІэр Іуэху гуапэкІэ иугъахащ. Къызэхуэсахэм я гукъыдэжьыр къиІэтащ КъБР-м и артистхэр, сабий творческэ гупхэр зыхэта концертым.

ЗЭБАР Мадинэ,

КъБР-м щыІэ УФСИН-м и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

Унэхэр къагъэщІэрэщІэж

«Старочерекский» совхозым зэгуэр егъэщІылІауэ щыта унэхэр ремонтащІ.

ЦІыхУР тэмэму псэун папщІэ зыхуеинуэр мы унэхэм щІэпхъкьым, зэгуэрым ремонт лэжьыгъэ иращІэкІауи зылъэгъуа щыІэкъым. А псом и щІыІужкІэ унащхьэм псыр къыпхыкІыу хуежьат. Абы зи гъащІэр щызыхьа совхозым и лэжьакІуэхэм мызэ-мытІэу зыхуэгъэзащ ар зыхуей хуэгъэзэнкІэ зи къалэну щыт Іэнатіэ зыбжанэм, арщхьакІэ зыри къикІакъым, район, жылагъуэ администрацэкэр Іуэхум къыхьыхьэху. Псы къызыпхыкІ щІыпІэхэр абыхэм я дэІэпыкъуэгъукІэ зыхуей хуагъэзащ: жы дыдэ хьуа къуэщынэр яхуэжащ, унэ къуапэхэр зэщІашхэжащ. А Іуэхугъуэм псом хуэмыдзу щыгуфІыкІащ совхоз лэжьыгъэр илъэс куэдкІэ зи фэм дэкІа пенсионер дэІэпыкъуэгъунышхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ХъыбарегъащІэ

ЦІыхухэм яІуощІэ

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыІэм и унафэщІ полицэм и полковник Джаджыгъ Марат дыгъэгъазэм и 12-м быхьэт 12-м щыщІэдзауэ 20-м нэсыху цІыхухэм щаІущІэнущ мы хэщІапІэм:

Налшык къалэ, Байсултановым и уэрам, 11 „а". Телефонхэр: (8662) 40-43-97, 49-49-61.

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыІэм и пресс-Іуэхущапіэ.

• Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Псом нэхъыщхьэ

Ди газетым зэрытетащи, щэкIуэгъуэм и 29-м Налшык щызэхэтащ ДАХ-м и Хасащхьэм и зэхуэсыр. Абы хэтащ Тыркум, Сирием, Иорданием, Германием, Израилым, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щылажьэ хасэхэм я тхьэмадэхэмра лЫкIуэхэмра. ЗэIущIэм къыргъэблэгъат КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Къуэжей Артем, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и Iэтащхьэ Иуан Петр, УФМС-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэ Iэрэмысэ Анзор, КъБР-м Гражданин жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлажьэныкIэ лъэпкъ Iуэхухэм-кIэ и управленэм и унафэщI КIуэрашын Анзор, КъБР-м и Жыларгъуэ палатэм хэт Хьэгъэжей Бесслъэн, филологие щIэныгъэхэм я доктор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Бищ1о Борис сымэ, нэгъуэщI хэ1эри.

ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий Ефэнды Джылахъстэн егъэлъапIэ.

ХАСАЩХЬЭМ и лэжьыгъэм щIидзэн ипэ кьиухэу, къызэхуэсахэр екъуэхъуащ зэIущIэм къраГъэблагъа нэхъыжьыфI, къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, ильэс 25-кIэ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Налшык къалэ къудамэм и тхьэмадэ, мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 90 ирикъуа Ефэнды Джылахъстэн. Хьуэхъу псалъэ гуапэхэм иужькIэ Сэхъурокъуэм ДАХ-м и щIыхь тхылъымрэ сагугъэтымрэ абы иритащ. КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ Додуев Аскэрр Щоджэнщ1ыкIу Алий и фондым и унафэщI Щоджэнщ1ыкIу Леонидрэ ехъуэхъуащ Ефэндым икIи УФ-м и Лермонтов комитетым кьыбгъэдэкIыу Щоджэнщ1ыкIу Алий и медалыр ираташ.

Зэхуэсыр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. Дунейпсо Адыгэ Хасэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм ящыщу зэфIагъэкIахэр къыщапщытэжым, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** тепсэлъыхьащ Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъу махуэм екъэIа Iуэхугъуэхэр зэрыгъэфIэкIам, Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр зэрызэрагъэпэщам, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум екъэIа Iуэхухэр зэрекIуэкIам. Абыхэм теуухуа фильм КIэщIым къызэхуэсахэр еплъащ. 2014 гъэм зэфIагъэкIын хуейуэ щыта Iуэху псори Къэбэрдей-Балъкъэрми, адыгэ зэрыс адрей хэгъуэгухэми, нэгъуэщI къэралхэми щекIуэкIащ. Къищынэмыщ1ауэ, Сочэ къалэм и махуэр щагъэлъапIэм, ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий зэрырагъэблэгъар, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и цIэкIэ саугъэт УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Козак Дмитрий зэрыритар жиIащ ХьэфIыцIэм.

Накъыгъэм и 21-м теухуауэ КАФФЕД-м Истамбыл щыгъуэ пэкIу ин зэрыщ1эзэкишар, абы ДАХ-м кьыбгъэдэкIыу КъБР-м, КъШР-м, АР-м щыIэ хасэхэм я лЫкIуэхэр зэрыхэтар жиIащ къэпсэльам. Абыхэм ятеуухуа репортажхэр Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм къызэрыщагъэлъэгъуэжар, тхыгъэхэри «Адыгэ псалъэ» газетым зэрытетар къыхигъэщащ.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къытеувыIащ Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ зэрырикъум теухуауэ игъэпсха программэр процент 20 нэхъ къэмынэу зэрагъэзэщIам, адрейхэри ахъшэ къаэзрыIэрыхьэу зэрызэфIагъэкIыжынум.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛЫхъужь, РСФСР-м, КъБР-м я къэрал саугъэтхэм я лауреат КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум екъэIа зэIущIэхэр щемыкIуэжIа жылэ Къэбэрдей-Балъкъэрым иткым жыпIэмэ, ущыуэнукъым, курыт школхэми, ещанIэм нэхъыщхьэхэми, библиотекэхэми, музейхэми хъарзынэу къыщызэрагъэпэщащ, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм КIыщокъуэр зыцIыхуу щыта, и тхыгъэхэм щыгъуазэ ткакIуэхэр, литературэджхэр, критикхэр крихьэлIэу пшыхь дахи зэхишащ, - кьыпищащ адэкIэ ХьэфIыцIэм. - ДАХ-мрэ КъАХ-мрэ я жэрдэмкIэ Шэджэм кьуэладжэм и зы бгы щыгу абы и цIэр фIащыр папщIэ дэкIуеящ альпинистхэр, журналистхэр, къалэ унафэщIхэм ящыщхэр. Апхуэдэуи Алим и тхыгъэ нэхъыфIхэр щызэхуэхьэса тхылъ урысыбзэкIэ къыдэдгъэкIащ.

Адыгэхэм (шэрджэсэм) я махуэр Iэтауэ ди республикэм зэрыщекIуэкIам фыщыгъуазэщ, ар ягъэлъапIащ нэгъуэщI хэгъуэгухэми. Ауэ адыгэ зэрыс адрей хэгъуэгухэми къыддащтэну я тхьэмадэхэм захуэгъэзэащи, дяпэкIэ нэхъ куууэ, убгъуауэ зэрекIуэкIынум шэч хэлъкъым.

Иорданием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ **Къардэн Самир** Мухьэмэд и псалъэхэр диIыгъыжиIащ а махуэр дахэу Аммани зэрыщекIуэкIар, дяпэкIэ махуэшхуэм и лъабжьэр нэхъ щIэнгъэбыдауэ дэни къызэрыщызэрагъэпэщынур. А махуэр фокIадэм и 20-м щыIтраГъэхуам и щхьэусыгъуэм щIэупщIэ куэд зэрыщыIэр щыжиIэм, абы и жэуапу **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къыхигъэщащ:

- Япэрауэ, ди адэжьхъэм хьэцэпэцэр Iухьжьым, гъавэр кьехьэлIэжьым яуха нэужь, тхьэлъэIушхуэ ящIу гушхуэу зэхьхьэу щытащ фокIадэм. «Гъатхэ унэр гъуанэщ» - жаIэрти, илъэсыр кьаэрехъуIэнур ямыщIэу джэгу яублэу щытакъым. Хуабэр блэкIауэ, щIыIэр кьэмысауэ, гъавэм и ныкъуэр кьрахьэлIэжарэ, и ныкъуэр губгъуэм илъу, кьызыхахыри яIэу, зыщыгугъри нэхъыбэжу гушхуэныр и чэзууэ кьалъытэрт а лъэхъэнэм.

КъыщынэмыщIауэ, Адыгэхэм я махуэр балигъхэм я закъуэкъым зытещIыхьар. Абы Iэмал имыIэу хэтын хуейкъэм ящыщ1ущ сабий гъэсапIэхэм, курыт школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэсхэри. Гъэмахуэ мазэхэр блэкIауэ, зызыгъэпсэхуэхэри кьекIуэлIэжауэ, кьаруущIэрэ мурадыщIэрэ яIэу сабийри балигъри зэрызэхуэсыжыр кьэтлъытащ. Апхуэдэуи ди тхыдэм Iуэху дахэ куэд кьыхощьыж фокIадэ мазэм адыгэм кьехъуIауэ.

Хасащхьэм и зэхуэсым кьрихьэлIахэр тепсэлъыхьащ Сириеи кьикIыжу зи адэжь щIыналъэ къэзыгъэзэжа ди лъэпкъэгъуэхэм нобэ я Iуэху зыIутымрэ ДАХ-р зэрадзIэпыкъумрэ. Абы екъэлIауэ я кьэпсэльащ Хасащхьэм хэт **ГубэщIыкI Владимир**:

- Фыз1эрыщыгъуазэщи, илъэсищ ящIигъуауэ Сириеи щекIуэкI гуэзвэгъуэм кьрихужьжауэ зы мин ныкъуэ хуэдиз кьэIэпхъуащ ди республикэм, - жиIащ абы. - Апхуэдэуи Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим щетIысэхащ, Тыркум зыунэтIахэри куэд мэхъу. Сэ сызэрыщыгъуазэмкIэ, ахэр зы махуи гулъытэншэу кьэнакъым. КъБР-м и Правительствэри Дунейпсо Адыгэ Хасэри хуабжьу ядоIэныкъу, нэхъыщхьэращи, республикэрысхэм я гулъытэм гъуэ имыIэу зыхарзынэу зыщIагъакъуэ. ЗэманкIэ тIэкIу кIыхьлIыхь хъуами, я псэупIэкIэ, унэкIэ, лъапсэкIэ ди лъэпкъэгъухэм я Iуэхур иджы и кIэм ноблагъэ. Сириер мамыр хужьмэ, ягъэзэжыну я мураду щытами, иджы я гур нэхъ ягъэтIылъащ. Нобэр кьыздэсым унагъуэ 52-м унэ-лъапсэхэр кьащэхуащ. Иджыри унагъуэ 20 хуэдиз кьэнащи, аэрри куэд дэмыкIыу Iэпхъуэжьи зыкъыдэкIуащ. Пэжщ, абдежым щиухыркъым ди пщэ кьыдалъхьа кьаланэхэр. УнагъуэщIэу тIысар куэдым хуэныкъуэщи, ди кьарур нэхъри зэщIэдгъэуIуэу дадэIэпыкъун хуейщ. Зиужь дитиупхэхэм ящыщ1ы лэжьапIэ IэнатIэ кьахуэгъуэтынри.

Ди лъахэгъуэхэм унэ кьахуэщэхуным ныжь ита, ДАХ-м и тхьэмадэм и чэнджэщэгъу **Джахъуэ Кьанщобий** кьыхигъэщащ нэхъыбэр Iэпхъуауэ щхьэж и щхьэ Iуэху зэрызэрихуэжыр, адрей кьэнахэми я Iуэхур щIэх дыдэу зэрызэфIэкIынур. «Унагъуэ 16, 20 ЗдэIэпхъуа кьуажэкэр щыIэщ, адрейхэм тIурытI-щырыщурэ дэтIысхьахэщ, езыхэм къызэрыхахам хуэдэу», - дыщIигъуащ Аджахъуэм.

Сириеи щылажьэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ **Гугу Акрэм** убгъуауэ тепсэлъыхьащ нобэкIэ я кьэралым щекIуэкIымрэ дяпэкIэ зыщыгугъэмрэ.

- ЯпэщIыкIэ кьыхэзгъэщыну сыхуейт ДАХ-мрэ «1КъБР» республикэ телевиденэмрэ зэгъуэгъэу къызэрагъэпэща телемарафоным кьыхэкIа ахъшэр Сириеи кIэлъыплъакIуэхэм я нэIэ дыщIэту хуэныкъуэхэм зэраIэрыдгъэхьэжар, - жиIащ къэпсалъэм. - Нэхъыбэу ар зэттар зи унэ кьуэхэу щыпсэун зимыIэжхэрщ. Ахъшэр ятедгуэшащ зы щIыхуп лирэ 1500-рэ хуэдэу. Ар хасэ кьудамэхэм кьыхатхыкIри, тхылъ хэхакIэ яхуэдгуэпащи, псори дэфтэрым хуэгъэкIуауэ сIыгъщ.

Гугу Акрэм фIыщIэ яхуищIащ республикэхэм, къэралхэм я унафэщIхэмрэ хасэ тхьэмадэхэмрэ мафIэм зи щхьэр кьыхэзыхахэр зэрызэрашэлъам, зэрадзIэпыкъуам папщIэ.

- Сириеи щыIа адыгэ къуажэхэм я нэхъыбэр кьагъэуащ, зэтракьутащ, жьлэ зыжьанэм зэхуэу гуащIэхэр щекIуэкIырти, зыкъызэщIакъуэри кьыдэкIащ ди къуэшхэр. Дэ нэIэ щIэту хамэ кьэралхэм Iэпхъуащ щIыхуэхэм я нэхъыбэр, иджыпсту ди Хасэм унагъуэ мини 9-м щIигъум шхынкIэ, щыгъынкIэ, тепIэнщIэтъынкIэ защIегъакъуэ, - кьыпищащ Акрэм. - Дигу зэрыгъуэхэм ящыщ дяпэкIэ Урысейм кьихьэхэм паспорт кьратын щхьэкIэ урысыбзэр ящIэн, экзамен ятын хуеиуэ кьызэрагъэувар. Дэ дыщIолъэIу Урысей къэралышхуэм и унафэм адыгэбзэр зыщIэхэри кьэзэуатыншэу кьригъэхьэжыну и унафэм хигъэхьэну. УФ-м и Премьер-министрым и къуэдзэ Козак Дмитрий Сочэ кьыщыджиIат Сириеи кьикIхэм папщIэ визэр трахьжыну, УФ-м и МЧС-р сэбэн кьыгъэуагъэхьэну, ауэ зэкIэ зыри зэфIэкIакъым. Хамэ къэралхэм щыпсэу урыс лъэпкъым щыщкэр кьэкIуэжыну хуейм, дэIэпыкъуэгъу зэрыхъуэм теухуа унафэ щыIэщ, ауэ адыгэхэм кьахуэсэбэпыркъым. Апхуэдэ ди лъэIухэр къэрал унафэщIхэм я деж нахьэсыну дельэIуну сыхуейт УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым щыIэ ди сенаторхэмрэ Къэрал Думэм хэт ди депутатхэмрэ. Уни, жьэгуи, IэнатIи ямыIэжу, хэкум кьэкIуэжыну хуейр куэдщи, Iэмал иIэмэ, гъэзгу кьытхузвгъуэт, паспортыр щыдэхьыным и Iуэхур нэхъ тынш тхуэфцI, урысыбзэкIэ экзамен Iуэху хэмыту.

Адыгэ Республикэм щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Бэгъущэ Iэдэм** жиIащ мы илъэсыр кьызэрихьэрэ Сириеи кьыжьыну зыдэзгъэуэхэм я тхьэлъхэр кьэрал Iуэхущ1апIэхэм Iамыхьыу 150-рэ хуэдиз кьызэрагъэувыIар, Олимп Джэгухэр зэфIэкIыху абыхэм я Iуэху зэрызэрамыхуар.

- Иджыри кьэс ди республикэм кьэкIуэжахэм кьэралым кьыбгъэдэкIыу зы сом ятекIуэдакъым, цIыхухэм зэхуахьэса ахъшэрауэ зэрызащIэдгъакъуэр. Ауэ Украинэм кьикIахэм мелуан бжыгъэкIэ трагъэкIуадэ. Дэ, адыгэхэр, кьэралым сыт щыгъуи дыкъуэтащ, и текIуэныгъэхэм дыхэлIыфIыхьащ, иджы, гуэзвэгъуэ кьыщытлъыкъуэкIам, кьыттыкъуэкIыну дыщогугъ. Сэ сыхуейт ДАХ-м и лЫкIуэхэр Москва дыкIуэу, ди сенаторхэмрэ депутатхэмрэ ди гъуэгу кьэрал унафэщIхэм захуэгъэзэну, жэуап гуэр кьапытхану.

Бэгъуащ къыхигъэщащ Адыгэ Республикэм къэIэпхъуэжахэм ящыщу унагъуэ 22-м унэ зэрыраГур, Хасэм деж бзэр щратащIэ. Ауэ зы бзэ техьэныр зыкъомкIэ нэхъ гугъущ. Зи гугъу сщIы зэIущIэми къыщыхалъхьауэ щытат ар, ауэ щIэныгъэлIэжм я нэхъыбэм мыхъуну кьалъытащ. Абы тегушхуэр а Iуэхум нэхъ хэзымыщIыкI, бзэм иримылажьэхэрауэ къысщохъу.

Зы лъэпкъи щIэкъым диалект зыбжанэм иримыпсалъэ, ахэр зэгуроIуэри зы бзэм хуокIуэ. Дауэ къызэрыхахыр? Япэрауэ, нэхъыбэ зэрыпсалъэ бзэращ япэ иратащIыр. Абы тепщIыхьмэ, дэ дызыхуэкIуэн хуейр кьэбэрдеибзэращ. ЕтIуанэрауэ, нэхъ тынщращ къыхахыр. КIахэм я псэлъэкIэмрэ дэрэ нэхъ дызэрызэтемыхуэр макъхэращ, дэ димыIэу макъи 9 хэтщ абыхэм я бзэм. КIахэм ямыIэу дэ диIэр *кхъ, кхъу, ху* хьэрфищращ. Абы и лъэныкъуэкIи нэхъ тынш хъунур кьэбэрдеибзэрщ. А макъыщыр тыншу тхухэгъэкIынущ ди бзэм, кхъ, кхъу-р псалъэ зыбгъупщIым хэтращ, ху-р кIахэм я кьэпсэлъыкIэ ф-м хуэдгъакIуэми кьинн хъунукъым. Мис абыхэмкIэ лъэпкъхэр зэгурыIуэн хуейщ псом апэу, зы тхыбзэ, литературэбзэ диIэн щхьэкIэ.

ДАХ-м и мылъку зегъэкIуэкIэм, и Хабзэм (Уставым) хэлъхьанхъэ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ дыщIыгъужыныгъэхэмрэ щытепсэлъыхым, Къэпщытакъуэ гупым и унафэщI **Къуэдзокъуэ Анатолэ** жиIащ ди къэралым кьыщыдэкIа унафэщIэм ящыщ ирикIа, Хабзэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн зэрыхуейр. Абы папщIэ дэтхэнэ зы хасэ къудамэми езым и Хабзэр зэригъэзэхуэжын, зэхуэс къызэрагъэпэщу щIагъэбыдэжын зэрыхуейр яжриIащ.

Иорданием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ **Къардэн Самир** кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ ДАХ-м иригъэкIуэкI Iуэху дахэхэм дяпэкIи кьыпащэну зэригуапэр, хамэ кьэралхэм кьикIыурэ хэкуэкым зыщызыгъэпсэху сабийхэр, адэжь лъахэм кьагъакIуэурэ щратыджэ студентхэр хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ зэшэлIэным, гурэ псэкIэ нэхъ гъунэгъу зэхуэщIыныкIэ сэбэпышхуэ зэрыхъур.

- Иорданиемрэ Урысей Федерацэмрэ я зэхуаку зэпыщIэныгъэфIхэр дэлъщ, ар дэри къэдвгъэгъэсэбэп. Иджыблагъэ ди къэралым лэжьыгъэ Iуэхукъэ неблагъащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и лЫкIуэхэр. Абы КъБР-м и сенатор Къаночкуэ Арсени яхэтти, Адыгэ ФIыщIэ Хасэм едгъэблагъэри, ди Iуэху зытетыр яжетIащ, ди псэукIэр зыхуэдэм щыдгъэгъуэзащ. Си гугъэщ апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэр сэбэп кьытхуэхъуну, Сириеи кьиIэпхъуКIыж ди къуэшхэм я Iуэхури нэхъ псынщIэу зэфIэкIыныжмкIэ кьэдгъэсэбэпыфыну.

ЗэIущIэм и кIэухым ДАХ-м и Хасащхьэм хэтхэр зэгурыIуащ кьыкIэлъыкIуэ зэхуэсыр гъатхэпэм (мартым) и пэщIэдзэм КъШР-м и къалащхьэ Черкесск щрагъэкIуэкIыну.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (КъБР).

ТIамжыкъуэ Умар-Фарукъ (Германие).

Аслъэн Алийрэ Адэмокъуэ Елбэрдэ (КъШР).

Нэпсо Нихьэт (Израиль)

МэщхуэфI Нэждэт (Адыгэй)

Ныбэжь Таисэрэ НэщIэпыджэ Замирэрэ (КъБР).

Хьэгъундокъуэ Яшар, Гугъэв Джихьэн, Къущхьэ Догъэн (Тырку Республикэ).

Гугу Акрэмрэ Бырсекъуэ Орфанрэ (Сирие).

Къардэн Самир, Нэгуэр Зиуар, Хьуажь Мухьэмэд (Иордание). *Сурэтхэр* Къарей Элинэ *трихащ.*

ДиІащ апхуэдэ щІалэ

● Фэеплъ

Сыхуейщ сэ куэдрэ сыпсэуну, Щ1ым тетщи фІыуэ сльагъу цІыху куэд.
СылІэн хуей хъуми - сымышынэ, Щ1ым щІэлъщи фІыуэ сльагъу цІыху куэд.
(МЫКЪУЭЖЪ Анатолэ).

Дунейр зэрычэзыр хьэкъми, абы арэзы техъуэ гъэзытГуейщ. Цыху акъылым къимытГаесэ щхьэусыгъуэ-хэмкІэ язынысъуэхэм гъащІэ кІыхь ярет, язынысъуэхэм къагъащІэр машІэ дыдэщ. Иужьрейхэр гъэзбжэ-гъэущым ещхьщи, я кьызэщІэлынди я ужьыхьжыгъуи ланІэдзхьеигъуэ хуэдизщ зэрыхъур. Глэнгъэр цІыху псомиращІэлъми, гъащІэр зи гум къыщыкъуалъэ, мурад куэд зиІэ, дунейм гу щызмыхуэ зи щІалэгъуэхэр щытхэщІкІэ, уигу щІэмыхьэн плъэкІыркъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ажалыр жьакІэм ежьэркъым.

Иджыри зы адыгэ щІалэ ахъырзэманкІэ ІупэкІыр нэхъ машІэ хъуащ иджыблагъэ. Сындыкъ Ахьмэд и ныбжьыр илъэс 30-м иту дунейм ехыжащ. УІэбэм улъэІэсыну къыпщыхъуу къьблагъэ махуэщІэм Ахьмэд и ерыскъы дунейм темыплъыжу нэху къьекІат...

Сындыкъ Ахьмэд Алик и къуэр Аруан куейм хыхьэ Урыку къуажэм 1984 гъэм къыщалъхуащ. Налшык дэт курыт еджапІэ №30-р ехъулІэныгъэ иІэу къиуныу КъБКъУ-м и юристфакультетым ІэщІагъэ нэхъыщхьэр щызэригъэзыэта иужь, щІалэщІэр 2008 гъэм УФ-м и прокуратурэу КъБР-м щыІэм Іуащхьмахуэ куейм щиІэ къудамэм следователу лэжьэн щыщІидзащ. Мазэ бжыгъэ дэкІауэ арат ар куейм и следователь нэхъыщхьэ щыхъуам. 2009 гъэм ар мыхьэнэ ин зиІэ Іэзыхуэм я следователу Май куейм ягъэкІуащ. УФ-м и Следственнэ комитетым и къудамэу КъБР-м щыІэм (Налшык къалэ) мыхьэнэ ин зиІэ Іэзыхуэр зэхэгъэкІыныжмкІэ следователь нэхъыщхьэу 2010 гъэм щегъэжьауэ лажьэрт. ЩІалэщІэм щхьэх къэгъэнэуэ къикІуэтрэ шынэрэ ищІакъым зэи, пэжыгъэм езыр и телъхьэт, ебакъуэІауи идэртэжыным. Арат абы юрист ІэщІагъэр къыщыдихьащ. Пэжщ, ар зыпэрыува Іэнатіэм тІупкІэ уеджэнтэкъым, ауэ арат езым и гум къыщтэр, и дуней лъагъуэкІэм техуэр. Ар ящыщтэкъым утыкум ильадэу псэлъэн зыфІэфІхэм, абы лэжьэныр сытым дежи игъэпэрытт, икІи лажьэрт. Къыдэлажьэхэм зэрыжаІэмкІэ, ар къемыхъулІэм ерыщу пэщІэувэрти, нигъэсыпт. Пэжщ, дэ, цІыху къызэригъэкІхэм, зэикІ къэтщІэну къыщІэкІынкъым Ахьмэдрэ абы и лэжьэгъуэхэм дызыщахъумэ псор, къытхуащІэ Іэхутхьэбзэхэм я инагъыр. Ахэр жейм щыхуэлІи, я унэ екІуэлІэжьпІэ щамыгъуэти къыхэхуэу мэлажьэ, щІэпхъаджагъэр и чэзум зэхэгъэкІын хуейщи. Ахьмэди апхуэдэт. Унэм абы къыщежьэрт и анэ гумащІэмрэ и щхьэгъусэмрэ, адэм хуэнэхъуеинш и щІалэ цІыкІр. Жьп телефонкІэ епсалъэрэ «фымыгузавэ, солажьэ» къажриІэмэ, я гур тІэкІу мамырыжьырт.

И лэжьыгъэ Іэзыхи Іэ гъэзу тетт Ахьмэд и машинэр щыщхьэпридзам. Абы хиха фэбжьым щІалэр и пІэ къригъэкІакъым. Мы зэм абы зыри хуэщІожакъым и анэр, и щхьэгъусэр, и шыпхъу закъуэр мыгуІэн папщІэ. И адэм и Іэфым еса, ар унэм щыщІэс сыхьэт бжьыгэр е зыгъэпсэхугъуэ махуэр къызыхуэмыгъэсу щыта щІалэ цІыкІыми дауэ къызэрыгурыгъэІуэнур пхуэмыгъэзэкІуэжынур?

ЖаІэ, пасэ дыдэу дунейм ехыжхэр нэхъыфІэхэраэ, абы ди Щхьэщыгумитыр къьхуэнэкъуэу и деж ириджэжу, ауэ ар цІыхухэм я дежкІи гупыкІыгъуэй щІэхъыр зэрынэхъыфІхэракъэ?!

Мы махуэхэм махуэ плІыщІ ирокъу Ахьмэд дунейм зэрехьжэр, щІалэщІэр ди щІэджыкІакІуэхэм нэхъ гъунэгъуу едгъэщІыхумэ тфІэкъабылу, и ныбжьэгъухэмрэ лэжьэгъуэхэмрэ захуэдгъэзащ. ЗанщІэу быхэгъэщІыну сыхуейт, абыхэм я деж сыщІэкІуа щхьэусыгъуэр къыщащІэм, Ахьмэд теухуауэ псалъэ гуапэ жаІэну пІащІэу къызэрыгъэзэсар. Щхьэусыгъуэ гурыІуэгъуэхэмкІэ щІалэщІэхэм я унэщІэмрэ ІэнатІэмрэ къэдгъэльагъуэркъым, ауэ мыхэр Ахьмэд нэхъ гъунэгъуу бгъэдэтахэращ.

Асльэндзэрий: - Ахьмэд гупыр игъэдахэрт, абы и напщІэт, ар фІыуэ зымыльагъу къагъэцІыгъуейт. Ар и ІэщІагъэм хуэІэижьым къищынэмыщІауэ, и гупым хэтхэми зыкьыщІидгъакъуэ зэпытт, лэжьыгъэм ехьлІауэ сыт щыгъуи чэнджащ щхьэпэ-хэр къуихьэлІэнут. ГъэщІэгъэнрэкъэ, абы и псалъэр хущхъуэ пэлъытэт, сыт хуэдэ Іэхуми зэкІыпІэм я нэхъ пэжыр къыхуигъэтырти, щІыбагъ быдзу къыпкъуэувэжыныи хуэзэфІэ-

Сындыкъ Ахьмэд

кІырт. Ар умышынэу уи дзыхь зэбгъэз хъуну цІыху пэжт, абы и хьэпыфІхэм ящыщт гупыр зэкъуигъэувэфу зэрыщытар. Ахьмэд гъащІэр фІыуэ илъагъурт, абы и дакъикъэ къэс Іэхуку ІэгэнщІауэ псэурт. Ар цІыху кьыззэрыгэкІт, икІи лъэныкъуэ куэдкІэ щапхъэ зытепх хъунт. Ахьмэд си дежкІи, и лэжьэгъу псоми я дежкІи хэщІыныгъэшхуэщ, ар къызэрытхэмытыжьым ди гум тридза уІэгъэр щІэх кІыжьину къыщІэкІынкъым.

СулътІан: - «Гуп зыгъэгупыр гуп и уасэщ», - жаІэ. Зэдэлажьэхэр сыт щыгъуи дыззэыгъэІуур Ахьмэдт. Абы зыгуэркІэ уелъэІуу къыпхуимыщІэу къэхъунутэкъым. Зэман кІэщІым къриубыдэу Ахьмэд хуэзфІэкІат и лэжьыгъэм хэззгъэну. ЩІалэфІт, губзыгъэт, и лэжьыгъэр фІыуэ илъагъурт, ауэ мащІэІэуэд къигъэщІар...

Алим: - Ахьмэд теухуауэ куэд пхуэмыІэнщу фІы и лъэныкъуэкІэ. Зыхэтым ядекІурт, лэжьэн щІэзыдзагъащІэхэм защІигъакъуэрт. Гууз-лыуз, цІыхугъэ, ныбжьэгъугъэ ин зыхэпІ, гукъэкІ зиІэ щІалэ тІэщІэкІащ. И нэгу щІэуэ зэІухауэ къыппежьэрти, уи гуфІэгъуи къыбдигуэшынут, гуаузри къыбдигъэпсынщІэну хьэзырт.

Муратэ: - УФ-м и Следственнэ комитетым и унафэкІэ Ахьмэд и пІалъэр къэмысауэ майор цІэр къыфІащауэ щытащ. Ар щылэжьа къудамэр нэхъ гугъуэхэм, ягъэ къэсым дзыхь хуамышынухэм ящыщщ. Абы емыльытауэ Ахьмэд и кьалэныр щІыхь пылъу игъэзащІэрт. Хуабжьу гущІыхьэ тщыхъуащ цІыху нэс, лэжьакІуэ пэрыт зэрыпІэщІэкІар.

Испъам: - Сабий гъэсапІэм щыщІэдзауэ дыззэрыщІыхуу, дыззэнбжьэгъуу дыкъызэдгъэугурыкІуащ Ахьмэдрэ сэрэ. А зэманым къриубыдэу сэ абы фІы фІэкІа дэсльэгъуауэ сщІэжьыркъым. Ар зыхэт Іэхум псэ хилъхьэрт, игъэдахэрт, гупыр игъэбжьыфІэрт. Сытым дежи цІыхухэр зыхуэй зэрыхуигъэзэным, зэрызащигъэкъуэным яужь итт. Лэжьыгъэми щыпэрытт си ныбжьэгъур, дапхъэдизу и Іэзху зэтрихьами е езэшами, лъэІукІэ зыхуэбгъэзамэ, псори зригъэтІылъэкІырти уи Іэзху дигъэкІырт. ЖьпІэнуракъэ, гу хьэлэл иІэт, ищІэмкІэ къыбдэгуэшэнут. Дэ гупыр нэхъ гъунэгъу дыззхуищІыну, ди зэхуаку лъагъунэгъу дилъхьэну хущІэкъурт сытым дежи. Зыр адрейм дыкъыщхьэщыжьыфу, гуныкъуэгъуэ зиІэм зыщІэдгъэкъуэфу, псом ящхьэраци, езыр зыдэІэпыкъуа цІыхухэр нэгъуэщІ зыгуэрым дэІэпыкъуэжьи хуейуэ игъэувырти, псоми гуапагъэ яригъащІэрт. Ди зэманым и нэхъыбэр лэжьыгъэм тедгъэкІуэдэн хуей хъуми, абы и унагъуэр гулъытэншэ ищІыртэкъым. Ар къуэфІт, щхьэгъусэфІт, адэфІт. И унагъуэм и гугъу ищІ зэпытт, псом хуэмыдэу и къуэм.

Мурат: - Ахьмэдрэ сэрэ зы школ дыщеджащ, дыкъызідэхъуащ. Ар цІыхуфІт, ныбжьэгъу пэжт. ЦІыхугъэр япэ иригъэщІ зэпытт, дунейм теттэсыжьи и напэм къримыгъэзэгъэ зэрыпхуищІан. Ахьмэд къигъэщІар машІэми, абы хуэзфІэкІащ ди гум лъагъуэ дахэ щыпхишын, ар фІыуэ зыльагъуу щыта дэтхэнэми дыпсэуху тщІыгъунущ.

ЦІыхур цІыхум щхьэкІэ щэ зэхохьэ. Сындыкъ Ахьмэд папщІэ цІыхухэм я зэхьыхьэгъуищри кІэщІкІэ зэкІэльыкІуащ. ЗыльэгъуахэмкІ ягъэщІагъуэу жалэж а щІалэщІэм и дыуэщІым цІыхуу кьеКІуэлІамрэ абы псалъэ гуапэу хужаІамрэ. Уэршэр щызэхомых хьэдагъэт, цІыхухэр апхуэдизкІэ мы гуаузм зэщІиІулІати...

Аращ и хабзэр дунеижьым: Къытохьэ зыр, адрейр токІым. Къытщхьэщытыжкъым ди нэхъыжьхэр, Нэхъыщ1э куэди тхэмытыж...
(МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ)

Ахьмэд дэщІыгъущ и и анэ Асярэ и щхьэгъусэ Лианэрэ.

Ахьмэд и къуэ Темыр и гъусэу.


Ахьмэдрэ и шыпхъу Мадинэрэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Гъэсашэ Наталье и цІэкІэ

● Гъуазджэ

Гъуазджэхэмкі Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым щекІуэкІащ Гъэсашэ Наталье и цІэкІэ къызэрагъэпэща Кавказ Ищхъэрэм и уэрэджы1ак1уэхэм я V зэпеуэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Адыгэ, Ингуш, Башкир республикэхэм, Дон Іус Ростов, Минеральные Воды къалэхэм щыщхэр хэтащ а зэпеуэм.

УэрэджыІакІуэхэм я зэфІэкІыр къэзыпщытахэм яхэтащ Мариинскэ театрым и оперна уэрэджы1ак1уэ ныбжьыщІэхэм я академием и унафэщІ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ, Гъуазджэхэмкі Кавказ Ищхъэрэ институтым щІыхь зиІэ и профессор **Гергиевэ Ларисэ**, Къэбэрдей-Балъкъэр Къэрал филармонием и симфоническэ оркестрым и художественнэ унафэщІ икІи и дирижер нэхъыщхьэ, УФ-м и цІыхубэ артист, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Темыркъан Борис**, Гъуазджэхэмкі Кавказ Ищхъэрэ институтым и проректор, искусствоведениемкІэ доктор, профессор, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Ащхъуэт Беслъэн**, нэгъуэщІхэри. КъэпщытакІуэ гъуэгум и унафэщІу щытащ Гъуазджэхэмкі Кавказ Ищхъэрэ институтым и кафедрэм и унафэщІ, профессор, УФ-м и цІыхубэ артист-кэ **Гъэсашэ Наталье.**

Зэпеуэр Іыхьитіу гуэшауэ щытащ. Япэм я зэфІэкІ щагъэлъэгъуащ курыт Іэщ1агъэ щызрагъэгъуэт еджапІэм и гъэсэнхэм. ЕтІуанэм утыку къащІихьащ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэмрэ творческэ Іуэхущ1апІэхэм я ІыкІуэхэмрэ. Абыхэм ягъэзэщІащ композиторхэу Бах, Моцарт, Беллини, Доницетти, Верди, Пуччини, Щедрин, Шостакович, Глинкэ, Чайковский, Рахманинов, Стравинский сымэ, нэгъуэщІхэми я Іэдакъэщ1эк1эхэр, апхуэдэуи адыгэ цІыхубэ уэрэдхэр жаІащ.

Япэ саугъэтым и лауреат хъуахэщ Уфа къалэм Гъуазджэхэмкі и академием щеджэ **Валеевэ Гульнарэрэ** Гъуазджэхэмкі Кавказ Ищхъэрэ институтым щІэс **Дзыбэ Русланрэ.**

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Свириденкэ Наталье** *трихащ.*

Зэуэ щІалищ токІуэ

● Ашихара-каратэ

Иджыблагъэ Венгриеи и Дьёр къалэм щекІуэкІащ ашихара-каратэмкІэ дуней псом пашэныгъэр къыщыхьынымкІэ зэпеуэ. Сабийхэм я деж къыщыщІэдзауэ ветеранхэм нэсыху къэрал 21-м и спортсмен 230-рэ зыхэта а зэхьэзэхуэхэм я зэфІэкІ щагъэлъэгъуащ ди республикэм икІахэм.

АБЫ теухуат Налшык къалэ дэт Сабий стадионым и актовэ пэшым щекІуэкІа пресс-конференцыр.

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, Щоджэн Руслан (кг 75-рэ), Щынахъуэ Мурат (кг 65-рэ), Мэкъуауэ Алан (кг 85-рэ) сымэ дунейпсо чемпион хъуащ. Сэбаншы Мурат (кг 80, ветеранхэм я деж) етІуанэ, Щоджэн Аслан (кг 65-рэ) ещанэ увыпІэхэр къахьащ.

КІэдэтхэм я деж етІуанэ увыпІэхэр щызыІэрагъэхьащ Мунир-Ахъмэт Абдулрэ Байсиев Исмахьилрэ. Ди спортсменхэр я гъэсэнщ тренерхэу Сэбаншы Муратрэ Шахмурзаев Щыхьмырзэрэ.

Командэ зэхьэзэхуэм Урысейм и гуп къыхэхар щытекІуащ. Румынием етІуанэ увыпІэр, ещанэр зэхьэзэхуэм и бысымхэм - Венгриеи - яІыгъащ.

КъБР-м спортымкІэ и министр Хъущт Аслъэнбэчэ сыт и лъэныкъуэкІи адэкІи защІиГъэкъуэну каратистхэр кьиГъэгуГащ, икІи дяпэкІэ дыщэ нэхъыбэ зыІэрагъэхьэмэ зэригуапэр яжриІащ.

УАРДЭ Жансурэт.

Къэралпсо зэхьэзэхуэм хуокІуэ

● Бэнэкіэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президент КІуэкІуэ Валерий и фэеплъ зэхьэзэхуэ бэнэкІэ зэхэтымкІэ иджыблагъэ Налшык дэт Универсальнэ спорт комплексым щекІуэкІащ. Абы хэтащ Кавказ Ищхъэрэм и щыналъэхэм. Осетие Ищэм къикІа спортсменхэр 150-м щІигъу. Аэр гупитІу - илъэс 16 - 17, илъэс 18, нэхъыжь - гуэщауэ щытащ. Зэхьэзэхуэ зэІухам республикам и спортсменхэм медаль 15 щызыІэрагъэхьащ.

ИЛЪЭС 18 зи ныбжь, нэхъыжь гупым я хьэлъагъ ельытауэ бжьыпэр щаубыдащ КІэрэф Азэмэт (КъБР, «Гладиатор» клуб), Бакъ Алим (КъБР, «Аллигатор» спорт клуб), Магомедов Ахьмэд, Ахматаев Саламбэч, Лорсанов Ахьмэд (Щэшэн Республикэ), Кулиев Амерхъан (Ингуш Республикэ).

ЕтІуанэ увыпІэр къжьаІэ. Хьэтщыкъуэ Руслан (КъБР, «Гладиатор»). Жаппуев Альбертрэ Пщыхьэщ1э Исльамрэ (КъБР, «Гладиатор») ещанэ хъуащ.

Илъэс 16 - 17 зи ныбжь спортсменхэм я деж текІуэныгъэ щызыІэрагъэхьащ ди бэнакІуэхэу Дзу Алъхъэс («Гладиатор»), Бырхьэм Темрыкъуэ, Чэрим Инал («Аллигатор»), Хьубылэ Руслан («Бастион») сымэ.

Теувэжькъуэ Аскэр, Бельбеков Амир («Аллигатор» СК), Бозий Хьэрун (КъБР, БК «Бастион») сымэ етІуанэ хъуащ. Ещанэ увыпІэр яІыгъащ Гугъуэт Беслъэнрэ Токъуий Матрэ («Гладиатор»).

Командэ зэхьэзэхуэм щытекІуащ медаль зэмылІэужьыгъуэ 15 зыІэрызыгъэхьа Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэр. ЕтІуанэ увыпІэр лъысащ Шэшэн Республикэм и гупым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием и командэр ещанэщ.

Зэпеуэм щытекІуахэм медалхэр, кубокхэмрэ саугъэт лъапІэхэмрэ иратащ.

МЭРЕМЫКЪУЭ Динарэ.

Кубокыр Налшык къыщонэ

● Волейбол

КъБКъУ-м и спорт комплексым иджыблагъэ щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и Кубокым щыщІабэна волейболымкІэ зэхьэзэхуэ. Зи чэзу зэпеуэм хэтащ Ставрополь крайм, РСО-Аланием, КъШР-м, Щэшэным, Ингушым къикІа цІыхухъу команди 10, цІыхубз гупуи апхуэдизу. Хабзэ хъуауэ ирагъэкІуэкІ зэхьэзэхуэм бысым команди 5 хэтащ.

ЗЭПЕУЭР къыщыпэІуахым республикэм и Парламентым спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІ Кьардэн Мурат, КъБР-м спортымкІэ и министр Хъущт Аслъэнбэч, КъБКъУ-м и проректор Къумыкъу Іэуес сымэ спортсменхэм псалъэ гуапэхэмкІэ зыхуагъэзащ, екъуалэ-нигъэсагъэ щызыІэрагъэхьэмэ зэрагуапэр жаІащ.

ЦІыхубзхэм я зэхьэзэхуэ гуащІэм бжьыпэр щаубыдащ Налшык и волейболисткэхэм. ЕтІуанэ увыпІэр КъБКъУ-м и спортсменкэхэм къахьащ, РСО-Аланием къикІа хьэщІэхэр ещанэ хъуащ. ЦІыхухъухэм я деж текІуэныгъэр щызыІэрагъэхьащ КъБКъУ-м и волейболистхэм. ЕтІуанэ, ещанэ увыпІэхэр Налшык къалэмрэ ШэджэмщІыналъэм хьхьэ Лашынкъей къуажэмрэ я командэхэм зэдагъэпащ.

Саугъэт щхьэхуэхэр КІэрэбий Мадинэ («Бум-Банк»), Гадзаонов Ацамаз (КъБКъУ), Букуловэ Алёнэ (РСО-Алания), Хьэгъэжей Алим (Лашынкъей), Габуевэ Мадинэ (КъБКъУ), Мамбэт Резуан (Бахъсэн район), Табачук Еленэ (Налшык), Тэрим Тамбий (Лашынкъей) сымэ хуагъэфэщащ. Волейболист нэхъыфІу къалъытащ Бондаренкэ Юлиерэ (Налшык) Жуков Сергейрэ (КъБКъУ).

КЪАСЕЙ Динэ.

● Шахматхэр

НыбжьыщІэхэр ягъасэ

Налшык къалэ щыІэщ шахматэмкІэ тренер-теоретик, гроссмейстер Шишкин Вадим. Зи лъакъуэхэм ныкъуаныгъэ иІэхэм шахматэмкІэ Урысейм пашэныгъэ къыщыхьынымкІэ зэхьэзэхуэм абы ныбжьыщІэхэр щыгъуазэ ищІащ икІи яригъэлъэгъуащ шахматист щІэрыІуэхэм я джагукІэ гъэщІэгъуэнхэр.

«ЛАДЬЯ» шахмат-шашкэ клубым абы Налшык щыщ шахматист ныбжьыщІэ 20-м зэуэ щадэджэгуащ. ТекІуэныгъэ къэзыхьар курыт еджапІэ №18-м и 9-нэ классым щеджэ спортымкІэ мастерым и кандидат Гороев Мухьэмэдщ. Гроссмейстерымрэ лицей №2-р къэзыуха, спортымкІэ мастерым и кандидат Дзагуэ Темболэтрэ я зэІущІэр зэрытемыгъэкІуауэ ирухащ.

ДыгъэГаэзм и 4-м Шишкин Вадим республикэм и шахматист ныбжьыщІэхэм «Ладья» клубым етІуанэу щахуэзащ.

ТЕРКЪУЛ Мурат.

Инструктор нэхъыфІ Мэшыкъуэ Жаннэ

Республикэм МафІэсым пщІэтэныныжмкІэ и къэрал Іуэхущ1апІэм щекІуэкІащ «КъБР-м и ГПС-м мафІэс къэмыгъэхъуныжмкІэ и инструктор нэхъыфІ» еплъыныгъэ-зэпеуэ. Абы и мурад нэхъыщхьэр инструкторхэм я лэжьыгъэм къыкІуэгъэр къэпщытэныщ, я Іэщ1агъэм зэрыхуэхъэзырыр къэлъытэныщ, мафІэс къэмыгъэхъуныжмкІэ инструктор нэхъыфІыр къыхэхьныщ.

ІЫХЬИЩУ екІуэкІа зэпеуэм щытекІуащ Дзэлыкъуэ муниципалнэ щІыналъэм мафІэс къэмыгъэхъуныжмкІэ щыІэ гупым и унафэщІ Мэшыкъуэ Жаннэ. Нэгъаби хуэдэу етІуанэ увыпІэр лъысащ Налшык къалэм мафІэс къыщымыгъэхъуныжмкІэ щыІэ инструктор Мыщхъуэжь Марьянэ. Лэскэн районым мафІэсым зыщыхъуэмэныжмкІэ и гупым и унафэщІ Алборэ Амир ещанэ хъуащ.

Еплъыныгъэ-зэпеуэм щытекІуахэм дипломхэмрэ саугъэт лъапІэхэмрэ иратащ.

СЭБАН Арсен,
КъБР-м МафІэсым пщІэтэныныжмкІэ и къэрал къупькъум и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэпыдж Замирэ, Хьэжыкъаерэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІ - 42-17-59; щэнхабзэмкІ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныжмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхухъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтныыгъэр хъунэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту итхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэш: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Щыщэ Соня, редактору ТекІужь Заретэ, корректорэу ПхыгІыкІ Азэмэт** *(1, 2-нэ), Мырзэкан ФатІимэ (3, 4-нэ). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3628 ● Заказ №2372